



Lwa sou Dwa Vòt New York la

“Vòt ou a gen anpil valè, prèske sakre. Se zouti ki pa vyolan ki pi pisan nou genyen pou kreye yon linyon ki pi pafè.”

JOHN R. LEWIS, REPREZANTAN ETAZINI

Lwa John R. Lewis sou Dwa Vòt New York (NYVRA) la se yon lwa istorik ki fè pwomosyon dwa vòt epi ki ede asire eleksyon lib ak jis pou tout elektè nan New York.

Ki jan NYVRA a pwoteje dwa pou vote a?

NYVRA a entèdi pratik ki vyole dwa vòt moun New York yo. Pratik sa yo enkli:

- **sipresyon elektè** (rann li pi difisil pou elektè yo vote)
- **dilisyon vòt** (afebli pouvwa vòt yon gwoup, patikilyèman atravè sistèm yo itilize pou eli reprezantan yo)
- **anpeche elektè yo vote** (tankou anpeche elektè yo vote oswa gen aksè ak biwo vòt yo)
- **entimidasyon ak twonpri elektè** (tankou menase elektè yo oswa bay yo fo enfòmasyon sou vòt la oswa eleksyon yo)

NYVRA a enpoze tou nouvo egzijans sou jiridiksyon lokal yo nan New York, tankou konte yo, vil yo, vilaj yo ak distri lekòl yo:

- Sèten jiridiksyon lokal sijè ak nouvo egzijans otorizasyon alavans ki dekri nan seksyon ki annapre a.
- Apati 20 jen 2025, sèten jiridiksyon lokal pral oblige elajì asistans yo bay elektè ki gen yon konesans limite nan angle lè yo bay asistans lang. Sipò sa a ka gen ladan tradiksyon bilten vòt ak dokiman enskripsyon elektè yo.

Ki sa otorizasyon alavans ye?

Pou ede anpeche prejidis kont elektè nan kominote New York yo ki gen yon istwa vyolasyon dwa sivil oswa dwa vòt, ki gen pi gwo pouvantaj arrestasyon pou sèten gwoup, oswa katye ki segregasyonis anpil, NYVRA a te etabli yon pwosesis yo rele otorizasyon alavans.

Otorizasyon alavans lan egzije otorite lokal yo jwenn apwobasyon davans Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York (OAG) la oswa yon tribinal eta a anvan yo fè kèk chanjman ki gen rapò ak eleksyon epi vòt.

Otorizasyon alavans enpòtan paske li anpeche aplikasyon politik danjere anvan yo afekte elektè yo.

Ki jan otorizasyon alavans lan fonksyone?

Anba NYVRA a, sèten jiridiksyon lokal yo dwe chèche otorizasyon alavans anvan yo fè chanjman. Yo rele jiridiksyon sa yo “antite ki kouvri.”




Konsilte antite ki kouvri yo

Anvan yon antite ki kouvri ka aplike yon chanjman, tankou deplase yon sant vòt oswa limite lè vòt yo, li dwe soumèt yon pwopozisyon bay OAG la (pou jwenn otorizasyon alavans administratif) oswa yon tribinal eta a (pou jwenn otorizasyon alavans jidisyè).



Konsilte politik ki kouvri yo

Ki jan pwosesis otorizasyon alavans administratif la fonksyone:



Yon jiridiksyon soumèt chanjman li pwopoze a bay OAG la. Yo pibliye pwopozisyon an sou pòtay NYVRA a.

Piblik la gen opòtinite pou bay avi li sou chanjman yo pwopoze a. Moun oswa gwoup ka fè kòmantè sou jan yon chanjman ki pwopoze pral afekte vòt ak eleksyon nan yon kominate espesifik.

OAG la revize pwopozisyon an ak kòmantè piblik la. Li detèmine si chanjman ki pwopoze a otorize anba NYVRA a.

OAG la pibliye desizyon li.

Si OAG la bay otorizasyon alavans lan, jiridiksyon an ka fè chanjman an.

Si OAG la refize otorizasyon alavans lan, jiridiksyon an pa ka fè chanjman an men li ka fè apèl kont refi a nan yon tribinal eta a.

Ki jan m ka patisipe?

Nou vle konnen avi ou! Kòmantè piblik la sou demann pou otorizasyon alavans yo bay nou enfòmasyon enpòtan sou ki jan yon chanjman ta ka ede elektè yo oswa pote yo prejidis.

Vizite Pòtay NYVRA nou an pou wè demann yo epi bay avi ou.



[Vizite Pòtay NYVRA a](#)

Aprann plis bagay sou NYVRA a



[Aprann plis sou NYVRA](#)

Abòne pou w resevwa mizajou sou demann yo.



[Abòne pou mizajou yo](#)

Konsilte dat elektoral enpòtan yo ak resous yo.



[Konsilte resous elektoral yo](#)

Si ou gen nenpòt kesyon konsènan otorizasyon alavans lan, kontakte: votingrights@ag.ny.gov

Ou gen pwoblèm pou vote? Vizite ag.ny.gov/voter-complaint oswa rele **1-212-416-9818**.